

7 avril 2020

Chè fanmi:

Pandan monte sansès kriz sante piblik sa a, sante ak sekirite tout elèv nou yo kontinye rete pi gwo priyorite nou. Nou konnen se yon moman estrès pou tout moun k ap viv Nouyòk, men espesyalman pou elèv nou yo ki sou wout pou gradye. Tanpri rete asire ke nou la pou ba w resous ak sipò pou ede tout elèv k ap gradye rete sou chemen pou fini ak lekòl segondè avèk siksè. Pi ba a w ap jwenn gid ki pi resan konsènan kondisyon ki nesesè pou gradyasyon.

### **Gade pwogrè pou gradyasyon avèk kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account) ou a**

Nou ankouraje w tcheke kont lekòl Vil Nouyòk ou (New York City Schools Account, NYCSA) pou suiv pwogrè pitit ou a pou gradyasyon. Fanmi ka itilize Graduation Tracker ki nan NYCSA pou yo gade kredi yon elèv genyen, eggzamen yon elèv pase, pwogrè li fè nan kredi ak rès kredi yon elèv bezwen pou resevwa swa yon diplòm Regents oswa yon diplòm Regents Avanse.

Si w poko kreye yon kont, ou ka kreye l la a: [mystudent.nyc](http://mystudent.nyc). Enfòmasyon ki nan NYCSA pa ranplase konvèrsasyon ou genyen avèk lekòl pitit ou a, men yo ka ede oumenm ak pitit ou a evalye chemen pou gradyasyon.

### **Yo anile eggzamen Regents mwa jen yo epi yo anile eggzamen yo pou kèk elèv**

NYSED ak Komite Regents (Board of Regents) anile eggzamen mwen jen 2020 yo. Kòm rezulta, elèv ki te konte pran nenpòt eggzamen an jen 2020 ka elijib pou yon eksepsyon pou yo pa pran Regents mwa jen 2020 yo. Eksepsyon sa aplike pou:

- Nenpòt elèv ki nan yon kou kounye a ki fini avèk yon eggzamen Regents mwa jen, epi ki ta pral gen kredi pou kou a.
- Nenpòt elèv ki nan yon kou kounye a ki fini avèk yon eggzamen Regents mwa jen epi ki pap pran kredi nan fen ane lekòl la, men ki retounen nan kou ete pou ratrapi kredi pou kou yo pa pase a. Pakonsekan, yo pral bay elèv sa yo kredi pou diplòm an out 2020.
- Nenpòt elèv ki te nan yon kou ki fini avèk yon eggzamen Regents, ki te pran kredi epi ki p at pase eggzamen Regents ki pou kou sa a men ki te gen entasyon pran eggzamen an an jen pou l pase.

Menmsi yo anile eggzamen Regents yo, elèv yo dwe fini travay (pwojè) ki obligatwa yo pou yo ka resevwa kredi pou gradyasyon.

### **Kondisyon kredi pou kou yo rete menm jan an**

Pandan fòma kou yo chanje, metòd ansèyman an pa afekte kondisyon kredi pou kou yo. Elèv yo dwe pran 44 kredi pou yo gradye kit y ap aprann nan salklas kit y ap aprann adistans.

Pandan aprantisaj adistans lan, pwofesè yo pral kontinye korije travay elèv yo pou yo ka resevwa kòmantè sou pwogrè yo fè. Nan fen kou yo, elèv yo pral resevwa nòt final menmjan si yo te nan

salklas nòmal. Si elèv pase kou yo, y ap resevwa kredi pou kou yo. Elèv si poze rete ankontak avèk pwofesesè yo si yo bezwen plis sipò pou rete sou chemen pwogrè nan kou yo.

**Yo p ap itilize prezans pou kalkile nòt**

Avan sa , kèk lekòl te ka konn itilize prezans kòm yon eleman pou bay yon elèv nòt final. Yo gen dwa pa itilize prezans ankò kòm yon faktè pou bay nòt. Lekòl yo pral kontinye suiv entèaksyon ak patisipasyon elèv nan aprantisaj adistans lan men y ap bay elèv yo nòt dabò dapre si yo satisfè kondisyon akademik kou yo. Kontakte lekòl ou a si w gen kesyon sou regleman pou bay nòt la.

Pou jwen plis enfòmasyon sou gradyasyon ak chanjman ki fèk fèt, kontakte lekòl ou a oswa ale sou [schools.nyc.gov/graduationrequirements](https://schools.nyc.gov/graduationrequirements).

Nou la pou sipòte kominote DOE a okonplè pandan moman difisil sa a. Pou konnen dènye nouvèl regilye DOE sou coronavirus, ale sou [schools.nyc.gov/coronavirus](https://schools.nyc.gov/coronavirus).

Avèk senserite,



Richard A. Carranza  
Chanselye  
Chanselye Depatman Edikasyon Vil Nouyòk